

Uburyo, imfashanyo hamwe n'ugufashanya mu gihe c'umwuzure i Vermont

Iyi mfashanyigisho yateguwe kugirango ifashe abantu baba i Vermont guca mu bintu bihambaye vyo gukora hamwe n'ibikoresho biriho mu mwanya umwe wambere, hamwe n'amakuru yo mw'ido n'ido mu gihe woba ubikeneye.

Ku vyihuta: Fyonda kuri 9-1-1

Ubundi buryo bwo gufasha bwihuta :

- **Ibikenewe vyihuta muri rusangi :** Hamagara kuri 2-1-1.
- **Uburaro bwihuta :** Hamagara kuri 2-1-1 canke urashobora kuronka amahitamwo y'aho uba ukoresheje kode ya zip genda kuri www.redcross.org/local/me-nh-vt/get-help.html canke wandikire SHELTER hamwe na kode yawe (akarorero, " SHELTER 01234 ") gushika kuri FEMA (43362). ku rurimi rw'iki espanyole RUFICIO hamwe na kode ya zip yawe. Hakurikizwa ibiciro vy'ubutumwa bisanzwe bizwi Urashobora kandi kwugurura Umuhora [FEMA](#) kugirango uronke aho uba.
- **Umugambi Rusangi w'Imfashanyo z'uburaro (Ihoteri canke ihoteri ntoya) mu gihe c'ikiza:** Hamagara kuri 1-800-775-0506
- **Imfashanyo zerekeye amagara yo mu mutwe :** Hamagara kuri 9-8-8
- **Imfashanyo z'abantu bagendana ubumuga :** Genda kuri [ubumuga, canke gushika aho ibikenewe vyo gukora biri](#)
- **Imfashanyo yerekeye abarimyi :** kubahuzza n'ubufasha bw'ubuhinga, amategeko canke amafaranga canke umuhanuzi canke abandi barimyi bagenzi babo bigishijwe; [Urupapuro ushikirako | FarmFirst](#)
- **Imfashanyo ya FEMA ifasha umuntu kugiti ciwe :** Sam Harvey, 202-765-9101 canke Samuel.Harvey@fema.dhs.gov

Ibikorwa vy'ibanze

Ico utegerezwa gukora, muri rusangi, mu gihe utewe n'umwuzure:

Urutonde rwihuta rw'ibintu vyo gukora rurimwo: guma umenya amakuru kandi agezeweho; menya neza ko inzu yawe ataco yabaye; andika ivyononekaye vyose ushiremwo n'amafoto, intonde, hamwe n'amafagitire; vugana n'ishirahamwe ryawe ry'ubwishingizi mu gihe ufise ubwishingizi; menyesha ivyononekaye; kuraho neza amazi n'imyanda; kandi ugire isuku. Ibindi biri ngaha hepfo.

Guma umenya amakuru agezeweho kandi umenyeshye ivyago

- **Iyandikishe mu butumwa bwa VTAlert** kugirango umenye ibimenyeshwa vyihutirwa, amakuru ahambaye yerekeye amabarabara, hamwe n'amakuru ahambaye yerekeye ikirere agushikira ubwo nyene ata handi abanje guca. Genda kuri <https://vem.vermont.gov/vtalert> wiyandikishe.
- **Amakuru yo kwugara amabarabara:** genda kuri www.newengland511.org
- **Ubonye ikintu, ca ugire ico uvuze :** Mu gihe ubonye ivyago biriko biraza nk'imanga, ihomoka ry'imisozi, canke ibice bishasha canke bitashizweko ikimenyetso vy'ibarabara biteye ubwoba canke vyononekaye kubera inkukura, ca ubimenyesha kuri 911.

Menyesha ivyononekaye

Menyesha amazu canke amatungo vyononekaye kuri [Vermont 211](#) ukoresheje uwo murongo canke mu guhamagara kuri 211. Ibi bintu birahambaye mu gukurikirana ivyononekaye mu gihugu no kubimenyesha muri FEMA kugirango barabe ko abanyagihugu ba Vermont baronka imfashanyo ya Leta mu kunaguka. Urashobora gutanga raporo nyinshi ku murongo (kenshi na kenshi bivanye n'uburyo bwihuta), ukoresheje terefone, mu bice bimwe bimwe naho ukoresheje urubuga ngurukanabumenyi rw'ikibiraho rwitwa Multi-Agency Resource Sites.

Multi-Agency Resource Sites irafise abayiserukira mu mashirahamwe atandukanye ya Leta, FEMA, hamwe n'amashirahamwe y'abigenga atanga imfashanyo. Ibi bibanza biguma vyimukira mu minsi mike mu miryango

itandukanye Guma ukurikirana amakuru yaho uba, imbuga ngurukanabumenyi, hamwe n'ibimenyeshwa vy'aho uba kugirango umenye insiguro zihagije zerekeye igihe bishobora kuba hafi yaho uba.

Kugira isuku

Kumenya neza ko ufise umutekano nico kintu gihambaye cerekeye isuku. Nimba ufise amazi yanduye, ibitoro, amavuta, canke ibindi bintu bishobora guteza akaga, hamagara kuri 1-800-641-5005 canke 802-828-1138 imbere yuko ubandanya.

Gufasha mu gusukura - Hariho abakorerabushake n'amashirahamwe y'abakorerabushake baguma bashika muri Vermont yose kugirango bafashe. Igikorwa co gusukura kirashobora gufata igihe kitari gito.

- *Menya neza yuko inzu yawe ata kibazo ifise.* Nimba ukeneye ubufasha bwo gusuzuma umutekano harimwo umutekano wubatswe, umwuka/ propane / ibibazo vyerekeye ibitoro, canke umuyagankuba hamagara igisata caho uba kijejwe umuriro.
- *Andika ivyononekaye vyose* - fata amafoto menshi kandi ugumane urutonde rw'ivyononekaye canke vyasambutse harimwo ibintu n'inyubako ubwayo - kandi ubike amafagitire.
- *Amazi yo mu mazu yo munsu* - Nimba ufise amazi mu nzu yawe yo munsu canke mu nzu iwawe, igikorwa ca mbere ni kuyakurayo. Igisata kijewe kuzimya umuriro mu karere ubamwo canke abandi bakozi baho barashobora gufasha kwumisha ayo mazi.
- *Gusukura* ibintu vyuzuyemwo amazi canke vyononekaye (ibikoresho vyo mu nzu n'ibindi bisa navyo), imyanda, ivyondo, canke ibikoresho canke uburyo bwo kwubaka (nk'ivyometse ku mpome, ububati, ivyuma bishusha amazi, itanure, n'ibindi)

Amakuru ajanye no gusukura umwuzure mushobora kuyasanga hano:

- [Amabwirizwa ya DCD yo gusukura imfungurwa](#)
- [Ni gute ushobora gukura neza amazi ari munzu zo munsu](#)
- [Gusubira mu nzu yawe canke ibintu vyawe hamwe no gusukura](#)
- [Amabwirizwa yerekeye ingene amazu yatewe n'umwuzure agirwa isuku](#)

FEMA irashobora gufasha mu mafaranga yo kugira isuku. Fata amafoto kandi ubike amafagitire Raba igice cerekeye FEMA aho hejuru ku yandi makuru.

Gukuraho imyanda

Imyanda ijanye n'umwuzure, harimwo ivyondo, amashami y'ibiti, ibikoresho vyo mu nzu, ibikoresho vyawe bwite, n'ibindi, bitegerezwa gutandukanywa kandi bigashirwa kure y'ibiti, y'ivyuma vy'umuyagankuba n'ububiko butuma bitoroha gukurayo ibintu, ku metero 10 uvuye kw'ibarabara ariko NTIBISHIRWE mw'ibarabara. Ibintu bitegerezwa gutandukanywa mu buryo 6 - ibikoresho vya elegitoronike, ibikoresho binini, imyanda ishobora guteza akaga, imyanda y'ibiterwa, imyanda yo mu nzu, n'imyanda yo kwubaka. Kurikiza amabwirizwa ya Leta yaho uba hamwe n'imirwi yo gutabara mu buryo bwihuta.

Amakuru yo ku bayobozi b'amakomine: Leta irafise amasezerano yashizweho yo gutunganya/gutwara no gucungera imyanda. Nimba aho uba hafise ikintu hari hakeneye kitakozwe inyuma yo gukoresha uburyo bwose, hamagara SEOC hanyuma uyimenyeshe ico ukeneye mu gutunganya imyanda Nimba abanyagihugu bariko baritunganiriza imyanda, birasabwa ko FEMA irihwa kugira haboneke umukozi wo mu gisagara canke uwundi bafitaniye amasezerano ajejejwe "kugenzura imyanda" - kugira umuntu afise aho yandika maze agakurikirana aho ivyapakiwe vyose vyavuye n'aho vyagiye.

Ivy nkenerwa nyamukuru & Imfashanyo Y'amafaranga

Nkeneye aho kuba canke inzu y'imfatakibanza

Nimba ukeneye inzu y'igihe gito kubera umwuzure, ubu buraro buruguruye muri kino gihe ahantu hakurikira:

- Barre
- Ludlow
- Northern Vermont University
- Rutland

FEMA irashobora kugufashisha amafaranga y'inzu y'igihe gito. [Raba ngaha hepfo igice ca FEMA c'ivyononekaye no gutabara ibiza](#) kugira uronke iyindi mfashanyo y'imfatakibanza y'uburaro.

Ndakeneye imfashanyo yo kuronka ibifungurwa canke kubigura

Ibisagara, ibisagara bito bito, n'amashirahamwe yigenga nk'umusaraba Utukura mu karere kanyu bashobora kuba baramaze gushiraho ahantu bagaburirira abantu benshi. Ubundi buryo burimwo :

- **Menya aho bariko baratanga imfungurwa:** genda kuri www.vtfoodbank.org/agency-locator canke uhamagare kuri 800-585-2265
- **Imfashanyo Rusandi y'Imfungurwa (3 Squares):** Saba [ngaha](#) canke uhamagare kuri 800-479-6151
 - Ingo zinjiza amafaranga 185% canke ari muni ya FPL, ingo zifise abana baronka VT [Ingurane ifatiye ku mafaranga yinjiye](#).
 - Abasanzwe baronka 3Squares ya Vermont bahuye n'uruhombo, hamagara kuri 800-479-6151.
- **Imiryango n'abana barenza imaka 5 (WIC):** genda kuri healthvermont.gov/family/wic canke uhamagare kuri 802-863-7200
 - Ushobora kuba wemerewe :
 - Nimba uba i Vermont ukaba wibungenze, ukaba ufise umwana afise amezi 6 canke wonsa / wonsa umwana kugeza ku mezi 12
 - Ukwije ibisabwa ku bijanye n'amikoro canke witabira VT 3Squares (SNAP), Umfashanyo yo kwivuzwa, TANF (Ubufasha bw'igihe c'imfatakibanza ku Miryango Ikenye) canke imiryango ifise abana bari mu mugambi w'abarezwe.
 - Uburusho mu bijanye n'imfungurwa bwa WIC bwo muri Mukakaro butabonetse bivuye ku mwuzurira burashobora gusubirizwa muhamagaye ibiro vya WIC bibegereye. Ibifungurwa biteguye bishobora kandi kuronswa imiryango ifise ibibazo vyo kuronka amazi (igisagara canke ivomo).
- **Abantu baba i Vermont bafise imyaka 60 n'iyirenga (Imfungurwa z'ingemurano):** Hamagara ku murongo utariha 800-642-5119
 - Abemerewe gusaba ni umuntu wese afise imyaka 60 canke irenga kandi adashoboye kuronka canke kwitegurira imfungurwa mu kiringo kanaka canke burundu bivanye n'amagara mu mubiri, mu mutwe canke mu nkomezi.
- **Abantu baba i Vermont bafise muni y'imyaka 60 bafise ingwara zidakira canke bagendana ubumuga (Indya z'ingemurano):** genda kuri vcil.org/services/meals-on-wheels/ canke uhamagare kuri 802-224
 - Mu bantu bemerewe gusaba harimwo abantu bafise muni y'imyaka 60 bafise ingwara zidakira canke bagendana ubumuga
- **Umugambi wo gutanga imfungurwa:** vugana n'ibanki y'imfungurwa ya Vermont kuri 800-214-4648 canke ugende kuri [CSFP - Vermont Foodbank \(vtfoodbank.org\)](http://CSFP - Vermont Foodbank (vtfoodbank.org))
 - Abemerewe ni abantu bakuze barenza imyaka 60 bari muni y'urugero rw'ubukene rwa 130% ku rwego rw'igihugu.
 - Imyaka n'amikoro umwe wese avyiyemerera ku giti ciwe

Imfashanyo mu gihe c'Ibiza n'Isibe

Vermont yemeje isibe rikomeye nk'uko vyashikirijwe n'umukuru w'igihugu Biden, bituma uburyo bw'amafaranga buteganywa ku bantu n'imirwi y'abantu bo gufashwa bivuye ku biza mu mihingo yemejwe. Amakuru akurikira

yerekeye imigambi ijanye n'iyemezwa ry'ico kiza, co kimwe n'iyindi migambi ku rwego rw'intara n'ama leta yo kugarukira ku bahuye n'ingaruka z'ico kiza.

Inzu yanje canke amatungo yanje vyaratikiye, ni ubuhe buryo bunteguriwe?

Urukurikirane rw'ubwishingizi

Nimba ukingiwe biciye mu bwishingizi ku matungo yo mu nzu kandi/cank'ubwishingizi ku myuzurira, kwitura umwishingizi wawe niyo ntambwe ya mbere ihambaye. Igisata kijejwe gucungera ubutunzi carashize ahabona amakuru yerekeye gufasha hisunzwe ibisabwa mu bwishingizi. Ayo makuru ashobora [kuboneke ngaha](#).

Imfashanyo ya FEMA ifasha umuntu ku giti ciwe

Umugambi wo kugarukira ku bantu ku giti cabo utuma abafise amazu, abakotesheje, n'abandi bantu (ariko atari abadandaji) bahuye n'ikiza kurondera inshumbushanyo ku vyo batakaje n'ivya nkenerwa bihambaye badashobora kuronka mu mazu y'ubwishingizi canke mu bundi bwoko bw'imfashanyo. Icemezo c'ubu cerekeye ababa mu mihingo ya Chittenden, Lamoille, Rutland, Washington, Windham, na Windsor ariko iyindi mihingo iriko irihwezwa kandi ishobora kwemererwa.

Ivyegeranyo vya FEMA, ibisabo, n'indishi

Uru ni urukurikirane rwihariye mu vyegeranyo 211 kubera ari igisabo cujijwe na FEMA ubwayo Ibisabo bishobora gushirwa ahabona ubwo nyene akarere uherereyemwo karonse icemezo c'ikiza ku rwego rw'intara Ico cemezo kiba igihe FEMA ironse amakuru ahagije atuma ico cemezo gikorwa. Aya makuru akurikira ni incamake yo gufatirako gusa. Kwemeza igisabo kandi mu nkuru y'ido n'ido, raba kuri www.disasterassistance.gov cank'uhamagare kuri 800-621-3362.

Umurwi wa FEMA uraheza ukagenzura inzu ku nzu mu kibano. Barongerwa bakagira n'isuzuma ry'ivyononekaye. Umwe wese mu bagize umurwi wa FEMA aba afise karangamuntu itangwa na FEMA.

Ubwoko bw'imfashanyo ya FEMA bushobora kuba:

- **Ugusanura inzu canke kuyisubiriza:** Imfashanyo y'amafaranga kuri ba nyen'amazu ngo basanure, basubirize, canke gusubiramwo kwubaka ibihomoka vy'inzu idafise ubwishingizi vyatewe n'isibe. Imfashanyo iba itumbereye gusanura inzu ku buryo iba iyikwije ibisabwa ku bijanye n'umutekano, isuku n'ikoreshwa ku bayibamwo.
 - Nimba inzu yawe ya mbere yemejwe nk'iyidashobora kugererwamwo n'abantu inyuma y'isuzuma rya FEMA.
 - Ivya nkenerwa vy'inzu ubwishingizi butashoboye kuriha
- **Imfashanyo yo gupanga:** Imfashanyo y'amafaranga yo gupanga inzu ivy'imfatakibanza mu gihe ivyononywe n'isibe biriko birasanurwa ku nzu yawe ya mbere, canke mu gihe co kwimuka burundu.
 - Inzu batagishobora kubamwo kubera inkurikizi z'isibe.
 - Uwemeye kwimuka.
 - Uwo ivya nkenerwa vyo mu nzu bidafise ubwishingizi
- **Gusubizwa amafaranga y'uburaro :** Gusubizwa imfashanyo y'amafaranga isubizwa mu gihe c'uburaro bw'igihe gito.
 - Inzu y'ibanze yarasenyutse canke ntawoshobora kuyibamwo bitewe n'ivyononekaye bikomeye vyatewe n'ibiza n'isibe.
 - Nta yandi mahitamwo yuburaro bw'igihe gito aboneka mu mwanya uhagije wo kugenda kubera kubura ibikoresho vyo gukotesha.
- **Gusukura no gukuraho** Imfashanyo y'amafaranga ya serivisi zo gukuraho umwanda no kwica imicafu mu nzu yatewe n'amazi y'umwuzure.
- **Amafaranga ajanye no kwimuka no gupanga ibintu:** Imfashanyo y'amafaranga yo kwimuka vy'agateganyo no kubika amatungo bwite uva mu nzu y'ibanze yononekaye mu gihe haba hariko harasanurwa. Imfashanyo irashobora kandi gutangwa mu gutwara ibintu bihambaye mu nzu nshasha.

- **Amafaranga yo kuvuza abantu no kubavuzwa amenyo biturutse ku biza:** genda kuri www.disasterassistance.gov canke uhamagare kuri 800-621-3362
- **Ayandi mafranga yo gukoresha ku myuzure:** raba [kubandi badafis ubwishingizi canke bafise ubwishingizi budakwiye bwatewe n'ibiza n'ibindi bikenewe cane.](#)

Ibindi vyononekaye ku mutungo bwite

Nimba amatungo vyawe yabandaniye kwononekara,, imodoka, cyangwa ibindi bintu ubifotora, kora urutonde, kandi ubike inyemezabwishyu zisimburwa. FEMA *irashobora* kuba ifise amafaranga ahari. Raba igice ca FEMA gifasha umuntu kugiti ciwe hejuru ku yandi makuru.

Amazi n'ibinogo vy'imyanda vyarononekaye

Nimba serivisi yawe y'amazi armwo imicafu yagize ingaruka ku batanga hafi bazakora kugirango bagarure serivisi. Ayandi makuru yerekeye gukemura ibibazo vy'amazi n'umwanda ari ngaha hepfo.

- [Itangazo Teka amazi kandi ntuyanywe](#)
- [Impanuro zerekeye ibinogo bijamwo amazi mabiinyuma y'imyuzure](#)
- [Inyuma y'umwuzure: Amabwirizwa agenga amazi meza](#)

Nta kazi mfise kubera ivyononekaye ku mukoresha wanje canke izindi ngaruka z'umwuzure, none nkore iki?

- **Ubwishingizi bw'ubushomeri** - Nimba waratakaje akazi kubera ikiza - harimwo kubera ko utagifise akazi canke aho ukorera; kuba udashobora gushika aho ukorera; kuba udashobora gukora kubera aho ukorera hononekaye; canke udashobora gukora kubera imvune watewe n'ikiza - urashobora kwemererwa kuronka ubwishingizi bw'ubushomeri. Saba ku buhinga ngurukanabumenyi kuva ku muni wa gatatu itariki 19 Mukakaro kuri labor.vermont.gov/unemployment-insurance canke uhamagare mu kigo gifasha abasaba ubwishingizi bw'ubushomeri kuri 877-214-3330.
- **Imfashanyo y'Abashomeri bahuye n'Ibiza** - Nimba utari usanzwe wemerewe kuronka amafaranga y'ubwishingizi bw'ubushomeri kandi hakaba harabaye ingaruka ku kazi kawe kubera ibiza, urashobora kwemererwa kuronka imfashanyo y'ashomeri bahuye n'Ibiza (DUA). Igisata c'Akazi kizoha DUA ayandi mabwirizwa mu ndwi y'itariki ya 17 Mukakaro kandi abantu barashobora kwiyandikisha kugirango baronka amakuru ya DUA kuri <https://labor.vermont.gov/disaster-unemployment-assistance>.

Nkeneye imfashanyo mu bindi bintu bisaba amafaranga canke serivisi kubera umwuzure, none nkore iki?

- **Umurongo wa telefone wa Vermont VT wo gufasha abana** : hamagara kuri 800-649-2642
- **Ubufasha bw'amasoko ntanganguvu:** hamagara kuri 800-775-0516
- **Imodoka yononekaye ikomeye:** genda kuri www.disasterassistance.gov canke uhamagare kuri 800-621-3362
- **Amafaranga yo guhama abapfuye bivuye ku biza** : genda kuri www.disasterassistance.gov canke uhamagare kuri 800-621-3362
- **Amafaranga yo kwitaho abana bivuye ku biza:** genda kuri www.disasterassistance.gov canke uhamagare kuri 800-621-3362
- **Imfashanyo yo kwa muganga:** genda kuri www.info.healthconnect.vermont.gov/find-local-help canke uhamagare kuri 855-899-9600
- **Umusaraba utukura wa Amerika:** genda kuri www.redcross.org/local/me-nh-vt/get-help.html canke uhamagare kuri 855-891-7325
- **Amafaranga yo kuvuza abantu hamwe no kubavuzwa amenyo bivuye ku biza:** genda kuri www.disasterassistance.gov canke uhamagare kuri 800-621-3362

Sosiyete yanje canke ishirahamwe ryanje vyaragizweko ingaruka, ni ubuhe buryo bunteguriwe?

Sosiyete yanje canke ishirahamwe ryanje ntivyemerewe mu mugambi wa FEMA w'mfashanyo zihabwa umuntu yamara hariho amafaranga ahari.

- **Sosiyete yononekaye** : Sosiyete canke ishirahamwe bishobora kuronka ingurane igera kuri miliyoni 2 z'amadolari. Genda kuri disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/ canke uhamagare kuri 800-659-2955.
 - Kwemererwa : Sosiyete uko ingana uko ariko kwose canke amashirahamwe yigenga aherereye mukarere k'ibiza vyatangajwe kandi vyononekaye mu gihe c'ibiza
 - Ibikoresho birashobora gukoreshwa mu gusanura canke gusubiriza amazu; imashini; ibikoresho; guharura amatungo; no gusubiramwo amazu.
- **Imfashanyo y'ubutunzi bwononekaye (budafadika)** Ama sosiyete mato mato yujuje ibisabwa, amakoperative mato mato y'uburimi, amashirahamwe menshi yigenga arashobora kuronka izindi mfashanyo z'ivyononekaye. Genda kuri disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/ canke uhamagare kuri 800-659-2955.

Imirima yanje yaragizweko ingaruka, ni ubuhe buryo bunteguriwe?

Nimba ufise ivyononekaye ku murima wawe kandi bikibandanya, hari inzira nyinshi zo kuronka imfashanyo harimwo:

- **Ikigo ca VT gishinzwe Imfashanyo z'uburimi**: Nimba ushaka ayandi makuru, andika kuri agr.floodresponse@vermont.gov canke uhamagare kuri 802-828-5667.
- **Ikigega Cihuta co gufasha abarimi** Nimba ukeneye ayandi makuru, genda kuri www.nofavt.org/farmer-emergency-fund canke uhamagare kuri 802-434-4122.
- **Ingurane zihuta** Nimba ukeneye ayandi makuru, genda kuri www.vtfarmfund.org/emergency-loan canke uhamagare kuri 802-560-3099
 - Abujuje ivyangombwa baterezwa kuba ari abarimi bo muri Vermont canke abatanga imfungurwa bagize uruhombo rukomeye kubera ikiza kama gitaye ubwoba kitari citezwe kikaba cashize umurima wabo canke uburimi bwabo mu kaga kandi igatwikira amazu; ibikoko; ibikoresho; amashamba; n'imirima irimwo indya z'ibitungwa.
- **Imfashanyo ya USDA yo mu kiza**: vraba kuri <https://www.fsa.usda.gov/programs-and-services/disaster-assistance-program/index> canke mu guhamagara kuri 855-794-3676. USDA ishumbusha ivyononekaye ku bitungwa; umurima; ivyononekaye bijanye n'amafaranga; no gutakaza ibiterwa.

Ndi umukoresha ntegerezwa kwirukana abakozi kubera umwuzure; ni gute nomenya neza ko bazaronka uburusho bwo mu bushomeri bakeneye?

Urakeneye kwugara vy'imfatakibanza sosiyete yawe no kwirukana abakozi bawe? Nguku uko wotegura abakozi bawe ku bushomeri:

- Abakoresha ntibategeerezwa kuvugana n'igisata c'akazi mu gihe birukanye abakozi.
- Hanura abakozi bavugane n'ikigo gishinzwe ubwishingizi bw'ubushomeri kuri 877-214-3330 (Kuva ku wa mbere gushika ku wa gatatu kuva 8h30 zo mu gitondo gushika 4h30 zo ku mugoroba) Vyongeye kandi, nimba abantu badashoboye kuvugana n'ico gisata kuri terefone, bazashobora gusaba amafaranga y'ubwishingizi bw'ubushomeri kuri interineti kuva ku wa gatatu, itariki 19 Mukakaro kuri <https://labor.vermont.gov>.
- Nta gisabwa co kurondera akazi ku bakozi birukanywe vy'imfatakibanza mu kiringo c'indwi 10 canke munsu. Abantu basaba uburusho bazotegerezwa gutanga ikigereranyo c'itariki bategekanya kugaruka ku kazi kugirango abarondera akazi babangirwe.

Umuntu yofasha gute

Ingabire

Kuri ino ntambwe, turasaba ingabire mu buryo bw'amafaranga. Genda kuri [Vermont Community Foundation](https://www.vermontcommunityfoundation.org/) canke [Vermont Disaster Recovery Fund](https://www.vermontcommunityfoundation.org/disaster-recovery-fund/) kugirango ubikore.

Ku bashaka gutanga imfungurwa canke ibintu vyabo turabasaba kuvugana n’abatware bo mu karere babamwo hamwe n’amashirahamwe yigenga no gutanga ari uko bagaragaje canke bagatangaza ko babikeneye.

Ayandi makuru n’imihora vyerekeye gutanga ingabire ashobora kuboneka kuri [Buildings & General Services flood page](#) canke mu guhamagara canke kwandika kuri 802-828-1525 na donations@vermont.gov.

Businesses offering support: urasabwe kwandikira Monica.Hutt@vermont.gov na Victoria.biondolillo@vermont.gov

Abakorerabushake

Abakorerabushake barakenewe lyandikishe kuri www.vermont.gov/volunteer kugirango umurwi wo muri SerVermont ushobore kuguha n’abariko barakorera mu banyagihugu hirya no hino muri Leta yose.

Ayandi mahirwe yo kwitanga arimwo:

- **Vermont Community Foundation:** hamagara kuri 802-388-3355
- **VT Flood Response and Recovery Fund:** genda kuri [VT Flood Response \(vermontcf.org\)](http://VT Flood Response (vermontcf.org))
- **United Way** (hariho abakorera United Ways muri buri karere ka Leta): genda kuri [United Ways in Vermont | United Way Worldwide](#)
- **Umusaraba utukura wa Amerikamu karere ka Northern New England:** hamagara kuri 800-464-6692 canke ugende kuri [American Red Cross | Help Those Affected by Disasters](#)
- **Ibanki y’imfungurwa ya Vermont:** hamagara kuri 800-585-2265; canke ugende kuri NoKidHungry.org
- **Ikigega ca Vermont c’abarimyi** [Ikigo c’ubutunzi buvuye mu burimyi \(hardwickagriculture.org\)](http://Ikigo c’ubutunzi buvuye mu burimyi (hardwickagriculture.org))